# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 दिसंबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अलगि–अलगि समीक्षा बइठकी में प्रदेस के पुरहर विकास बदे कई गो खास निरदेस दिहलें। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने लखनऊ में इन्वेस्ट यूपी के सभी कंट्री डेस्क की समीक्षा करते हुए कहा कि प्रदेश में निवेश बढ़ाने के लिए निवेशकों से संवाद बढ़ाया जाए। इसके लिए उन्होंने नियमित अंतराल पर राउंड टेबल कॉन्फ्रेंस की आवश्यकता पर जोर दिया। श्री योगी ने कहा कि उत्तर प्रदेश अब सिर्फ निवेश की संभावना नहीं, बल्कि निवेश के भरोसे का राज्य बन गया है। मुख्यमंत्री ने कहा कि स्पीड, स्टेबिलिटी और सपोर्ट, नए उत्तर प्रदेश की पहचान होनी चाहिए। मुख्यमंत्री ने आज अपने सरकारी आवास पर एक जिला एक उत्पाद–ओडीओपी कार्यक्रम की प्रगति एवं सुधारात्मक बदलावों की समीक्षा भी की। उन्होंने ओडीओपी कार्यक्रम को और प्रभावी बनाने तथा ओडीओपी उत्पादों को वैश्विक पहचान दिलाने की दिशा में और बेहतर प्रयासों के लिए अधिकारियों को दिशा–निर्देश दिए। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

अल्पसंख्यक कार्य मंत्री किरेन रिजिजू भरोसा दिहले हवें कि सरकार अगिला तीनि महिन्ना ले ओह लोगिन पर कउनों जुर्माना नाहीं लगाई आ न ही कडेर कार्रवाई करी, जे 'उम्मीद पोर्टल' पर वक्फ सम्पत्तियन क पंजीकरण नाहीं करा पवले हवें। ई जनकारी आजु उहां के नई दिल्ली में पत्रकार लोगिन से बातचीत में दिहलीं।

***जितने भी मुत्तावल्लीस के माध्यम से उम्मीद पोर्टल में अपलोड करने के लिए जो कोशिश किया, पोर्टल में रजिस्ट्रेशन नहीं हो पाया उनको मैं आश्वासन देना चाहता हूं कि हम आगे आपके लिए रास्ता खोलेंगे और 3 महीने तक हम कोई कठोर कदम नहीं उठाएंगे। हम कोई जुर्माना नहीं लगाएंगे 3 महीने के समय में जितने भी वक्फ प्रॉपर्टीज हैं, मुत्तावल्लीस के जो अधीन है वह रजिस्ट्रेशन करा लीजिए।***

**********

रसायन आ उर्वरक मंत्री जगत प्रकाश नड्डा आजु लोकसभा में कहलें कि सूक्ष्म पोसक उर्वरकन पर जीएसटी बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। श्री नड्डा कहलें कि एहसे किसानन, खास तौर से छोटहन आ सीमांत किसानन के प्रति एकड़ खेती में वित्तीय राहति मिली, जवन लोगि अक्सर लोगति में उतार–चढ़ाव के प्रति संवेदनसील होलें।

**********

प्रदेस सरकार में नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा आजु मऊ में प्रधानमंत्री आवास योजना सहरी क दुसरका फेरा के लाभार्थियन के स्वीकृति पत्र वितरण कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें। उहां के लाभार्थियन के स्वीकृति पत्र बांटत कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क लक्ष्य बा कि देस में कउनहूं परिवार बेघर न रहें। येह मौका पर दुइ सौ बत्तीस लाभार्थियन के स्वीकृति पत्र बांटल गइल।

**********

काशी–तमिल संगमम के चउथा संस्करण के पहिला फेरा में आजु तमिलनाडु के विद्यार्थियन क समूह अजोध्या में भगवान श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइलस। श्रीरामलला कै दरसन–पूजन के बाद प्रतिनिधिमण्डल भव्य राम दरबार क भ्रमण कइलस आ भारतीय वास्तुकला के उत्कृष्ट कलाकृति से परिचित भइल। एगो रिपोर्ट–

***आज विद्यार्थियों का समूह जब श्रीराम जन्मभूमि मंदिर पहुंचा तो उनका उत्साह चरम पर था। पूरा परिसर जय श्रीराम के नारों के उद्घोष से गूंज उठा। भगवान श्रीरामलला के दिव्य दर्शन से विद्यार्थियों का समूह भाव–विभोर हो गया। यह पल उत्तर और दक्षिण भारत की भक्ति परम्पराओं के अद्भुत मिलन का प्रतीक बन गया। दर्शन–पूजन के बाद विद्यार्थियों के समूह ने ऐतिहासिक राम की पैड़ी का भी भ्रमण किया। आज ही बनारस हिन्दू विश्वविद्यालय–बीएचयू में ''काशी और तमिलनाडु की आध्यात्मिक और दार्शनिक परम्परायें'' विषय पर एक शैक्षिणिक सत्र का भी आयोजन किया गया। इस बार काशी–तमिल संगमम की थीम 'तमिल सीखें–तमिल करकलम' है। इसके तहत वाराणसी के स्कूलों में बच्चों को तमिल भाषा का प्रशिक्षण भी दिया जा रहा है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रदेस के कई जिलन में बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर तेजी से चलि रहल बा। येही बिच्चे, अम्बेडकरनगर क जिला निर्वाचन अधिकारी अनुपम शुक्ला बतवलें कि ओइजा निन्यानबे फीसदी से बेसी गणना प्रपत्र जमा हो गइल बा। सथहीं, पचासी फीसदी से बेसी गणना प्रपत्रन क डिजिटाइजेशन हो चुकल बा। ओहीं, जौनपुर क जिला निर्वाचन अधिकारी डॉक्टर दिनेश चन्द्र आजु बिसेस गहन पुनरीक्षण के ले के राजनीतिक दलन के प्रतिनिधियन के साथे बइठकी कइलें।

**********

रामपुर क एमपी–एमएलए कोर्ट पूर्व विधायक अब्दुल्ला आजम के फरजी पासपोर्ट मामिला में दोसी ठहरवले हौ। येह मामिला में कोर्ट उन्हें अधिकतम सात सालि आ पचास हजार रूपिया के जुर्माना क सजा सुनवले बा। अब्दुल्ला आजम सजायाफ्ता पूर्व मंत्री आजम खां क लइका हवें।

**********

मौसम विभाग आजु प्रदेस में कहीं–कहीं सितलहरी परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक इग्यारह दिसम्बर ले भिन्नहीं के समय कहीं–कहीं हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसा क परभाव बनल रही। सथहीं येह हप्ता मौसम सुस्क बनल रहले क सम्भावनो बा।

**********